

SÈTIFIKASYON PWOPRIYETÈ BILDING (PYÈS JWENT A)

Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomenaje a



NYSERDA
New York State Energy Research
and Development Authority

Mwen, _____ ("Pwopriyetè Bilding lan"), ki gen biwo nan:

_____, avèk dokiman sa a, ateste epi dakò ak sa yo ki annapre a ("Atestasyon an").

1. Mwen se mèt pwopriyete a ki nan _____ ("Inite ki abite a");
2. Mwen rekonèt ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York («NYSERDA») la ofri fwaye nan New York yo opòtinite pou yo patisipe nan Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomenaje li yo («Pwogram lan»). Pwogram nan bay rabè pou achte, enstale ak fè travay kabla elektrik ki nesèsè pou sèten aparèy. Anplis de sa, mwen rekonèt ke se sèlman kay ki gen revni ki ba a modere (LMI) yo ki kalifye pou patisipe nan Pwogram nan, epi y ap mete aksan sitou sou moun ki nan kominote defavorize yo toupatou nan eta a;
3. Mwen rekonèt ke yon lokatè ki nan inite lojman an ap aplike pou rabè NYSERDA ofri anba Pwogram lan;
4. Mwen dakò pou m lwe inite lojman an bay yon lokatè ki gen revni fèb pou omwen de (2) lane apre li resevwa rabè nan Pwogram lan pou inite lojman an;
5. Mwen dakò pou mwen pa mete yon lokatè deyò pou m ka fè peye lwaye ki pi chè baze sou amelyorasyon ki fèt nan kad Pwogram lan;
6. Mwen dakò pou mwen pa ogmante lwaye okenn lokatè ki nan bilding lan akòz amelyorasyon enèji ki fèt nan kad Pwogram lan, epi eksepte ogmantasyon pou rekipere ogmantasyon aktyèl ki fèt nan taks sou pwopriyete ak/oswa depans fonksyònman ak depans antretyen ki presize yo;
7. Mwen dakò ke si pwopriyete a vann nan lespas de (2) lane apre li resevwa rabè yo ofri nan kad Pwogram lan, seksyon 1 – 6 Atestasyon sa a aplike pou nouvo pwopriyetè a epi li dwe fè pati akò acha a;
8. Mwen dakò pou m bay lokatè yo avi alekri ki eksplike dwa yo nan kad Pwogram lan; epi
9. Mwen rekonèt ke si mwen pa satisfè kondisyon ki dekri nan atestasyon sa a, mwen dwe ranbouse montan rabè yo te resevwa nan kad Pwogram nan bay NYSERDA epi mwen ka sibi penalite anplis ak mezi egzekisyon, ki gen ladan men pa sèlman, amand, domaj ak frè avoka lokatè yo ka rekipere.

Te ateste ak dakò,

Pwopriyetè bilding lan siyen la

Dat

Non pwopriyetè bilding lan

Tit pwopriyetè bilding lan

POU ITILIZASYON ENTÈN SÈLMAN

Kiyès ki Egzaminen Demann nan: _____

Foto aparèy elektwomenaje ki la deja: (chwazi youn nan sa yo ki anba a)

☐ Yo voye yon imèl bay aplikan an oswa yon moun anplis pou kontakte ☐ Aplikan an bezwen NYSERDA ede l pran foto

Baze sou enfòmasyon sou revni aplikan an bay, yo detèmine fwaye a: (chwazi youn nan opsyon ki anba a)

☐ Kalifye pou rabè dapre revni modere ☐ Kalifye pou rabè dapre revni ki ba ☐ Pa kalifye pou rabè

Aplikasyon ak dokiman sipò yo telechaje nan Salesforce nan dat: _____

Yo te antre done aplikasyon yo nan Salesforce nan dat: _____

Lòt kòmantè:

Reprezantan pwogram amelyorasyon aparèy elektwomenaje a siyen la

Tit

Dat

